

Soutyen MassHealth pou moun ki nan demeले avèk lajistis (BH-JI e CSP-JI)

JEN 2024

Moun ki nan prizon 10 fwa pi siseptib pou gen yon pwoblèm dwòg pase popilasyon jeneral la epi, an mwayèn, anviwon 35 a 45% nan yo gen pwoblèm sante mantal.^{1,2}

Nan eta Massachusetts, moun ki rezidan e ki gen yon istwa aprizònman gen 120 fwa plis chans pou yo mouri poutèt ovèdòz opyoyid pase popilasyon jeneral la - e risk la pi gwo nan premye mwa apre yo libere.³ Anplis, moun ki gen maladi mantal grav gen plis chans pou yo pran prizon pase pou yo ospitalize,⁴ sitou moun koulè ki gen revni bamalere.⁵

Istwa

Soutyen pou sante konpòtmantal pou moun ki nan demeले avèk lajistis (Individuals with Justice Involvement, BH-JI) kòmanse grasa yon patenarya avèk Massachusetts Office of Medicaid, MassHealth, epi biwo egzekitif Massachusetts pou lakou pwosè. Li baze sou lòt pwogram reyentegrasyon nan Massachusetts e atravè peyi a.

BH-JI te devlope avèk Komisyon pou liberasyon sou kondisyon nan Massachusetts, Depatman sèvis koreksyonèl nan Massachusetts, biwo cherif nan Middlesex, biwo cherif nan konte Worcester, epi yon seri lòt gwoup. Konsèy gouvènmantal eta yo — soti nan Massachusetts Justice Reinvestment Working Group — epi soutyen nan pwojè ForHealth Consulting nan UMass Chan Medical School kontribye tou nan devlopman BH-JI.



Nan lane 2019, MassHealth kòmanse yon demonstrasyon eta a finanse pou founi soutyen pou sante konpòtmantal kay moun ki enplike ak lajistis nan konte Middlesex e Worcester. Nan lane 2021, biwo egzekitif sèvis medikal e sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS) fè yon demann pou jwenn repons nan men òganizasyon k ap kontinye founi soutyen BH-JI atravè eta a pou moun ki admisib pou MassHealth ki enplike nan lajistis. MassHealth mande otorizasyon pou lanse soutyen kominotè sanblab pou manm ki enskri nan swen MassHealth jere (MassHealth) managed care), nan sa ki vin pwogram soutyen kominotè pou moun ki gen yon enplikasyon avèk lajistis (Community Support Program for Individuals with Justice Involvement, CSP-JI). Sèvis CSP-JI yo vin an vigè depi 1^{er} septanm 2022 epi yo disponib alèkile pou MassHealth Standard, CarePlus epi Fee-for-Service.



Pwogram BH-JI epi CSP-JI

BH-JI

Soutyen pou ede manm admisib pou MassHealth ki enplike avèk lajistis, navige e angaje nan sèvis swen sante. Gen nan soutyen yo soutyen apwoksimate epi reyentegrasyon pou moun ki libere nan enstitisyon koreksyonèl, ansanm ak soutyen kominotè apre liberasyon pou manm ki pa deja ap resevwa sèvis CSP-JI.

CSP-JI

Yon sèvis CSP espesyalize pou okipe bezwen sosyal ki an rapò avèk sante manm ki nan demele avèk lajistis k ap viv nan kominote a e ki gen obstak pou jwenn oubyen itilize konstamman sèvis sante medikal e konpòtmantal. Gen nan CSP-JI soutyen pou sa ki konsène sante konpòtmantal e kominotè pèmanan.

Misyon

BH-JI e CSP-JI vize pou :

- ✓ Ede moun ki nan demele avèk lajistis pou okipe bezwen yo sou sa ki konsène sante mantal e itilizasyon sibstans
- ✓ Amelyore sante, diminye ovèdòz mòtèl e favorize itilizasyon reyisi nan swen sante
- ✓ Mete moun an kontak ak swen sante e sèvis kominotè

Kiyès ki patisipe nan pwogram lan?

21% se nwa oubyen afwo-ameriken**

18% se ispanik oubyen laten**

58% gen ant 19 e 39 lane*

87% se gason yo ye

Prèske yon tyè gen yon istwa sanzabri*

Prèske 80% gen yon pwoblèm sante mantal*

Plis pase yon ka gen yon andikap grav*

Plis pase 50% gen yon dyagnostik pou twoub itilizasyon alkòl

Plis pase 50% gen yon dyagnostik pou twoub itilizasyon opyoyid*

Plis pase 15% te gen yon dyagnostik ovèdòz anvan yo enskri nan BH-JI*

Admisiblite e apèsi sou pwogram lan

Moun admisib pou BH-JI/CSP-JI :

- ✓ Admisib pou Massachusetts Medicaid (MassHealth), epi
- ✓ Gen yon pwoblèm nan sante mantal epi/oubyen twoub itilizasyon sibstans, epi
- ✓ Ap libere, te libere resaman nan prizon oubyen nan libète sou kondisyon oubyen lage sou kondisyon, epi
- ✓ Nan risk pou fè nouvo enfraksyon

Antite lajistis, plan oubyen founisè MassHealth, òganizasyon kominotè g en dwa refere moun nan BH-JI/CSP-JI , oubyen moun yo ka refere tèt yo

Pwogram BH-JI/CSP-JI :



Fè evalyasyon



Ede moun devlope plan soutyen ki santre sou moun epi pran randevou e pa manke okenn randevou



Ede jwenn sèvis, benefis, e lòt soutyen



Soutni koneksyon sosyal



Founi yon transfè kòdyal nan soutyen apre pwogram

Idantifikasyon e enskripsyon

- Idantifye moun ki nan deme avèk lajistis ki gen pwoblèm itilizasyon sibstans epi/oubyen sante mantal
- Ede moun sou jan pou aksede soutyen
- Òganize seyans sou sansibilizasyon endividyèl e an gwoup nan etablisman koreksyonèl (fasafas oubyen nan telehealth)
- Efekte yon evalyasyon sou bezwen byo-siko-sosyal
- Devlopman plan pou soutyen
- Kowòdone liberasyon avèk founisè e lòt soutyen




Soutyen kominotè

- Anplwaye fòme founi soutyen entansif :
 - Prevwa yon rankont jou moun nan libere
 - Jiska kontak jounalye pandan premye mwa a, e lè li nesèsè apres
 - Kowòdone avèk founisè, lòt soutyen
 - Asistans nan telefòn nenpòt ki jou kou lannuit
- Devlope e tabli yon plan soutyen
- Ede nan pran randevou epi pa manke randevou
- Ede jwenn sèvis sosyal, benefis, e lòt soutyen
- Founi yon transfè kòdyal nan soutyen apre pwogram



Rezilta pwogram yo


Kantite total ki refere epi enskri, septanm 2019 rive jen 2023



Depi nan mwa jen 2023, **5,745 moun te refere e 3,863 moun te enskri.**

Referans nan men antite lajistis nan BH-JI kòmanse nan mwa septanm 2019, avèk yon ogmantasyon rapid jouk nan mwa mas 2020, epi ralanti nan premye mwa pandemi yo. Apre antite lajistis yo e founisè BH-JI yo fè chanjman an rapò ak pandemi a, referans yo retounen nan nivo anvan pandemi a. BH-JI etann depi nan konte Middlesex e konte Worcester rive nan tout konte Massachusetts nan mwa fevriye 2022 e referans yo ogmante pwopòsyonèlman. Patisipasyon nan BH-JI se patisipasyon ki volontè. Apeprè detèyè nan moun ki refere yo enskri e patisipe, an mwayèn, pandan senk mwa.


Referans dapre sous yo, septanm 2019 rive jen 2023*



Done sous referans pou 4,950 moun.
Sous : Done sou founisè BH-JI/CSP-JI

Pwogrè nan estabilite lojman pandan yon tan


Pwopriyetè oubyen lwe :



Sitiyasyon lojman nan moman enskripsyon an e dezenskripsyon an pou 1,420 e 1,060 moun respektivman. Sous : Done founisè BH-JI, fevriye 2022 rive jen 2023

Pwogrè nan aplwa pandan yon tan

Angaje :



Sitiyasyon aplwa nan moman enskripsyon an e dezenskripsyon an pou 2,061 e 1,377 moun respektivman. Sous : Done founisè BH-JI, fevriye 2022 rive jen 2023

Patisipasyon nan sèvis pou sante konpòtmantal pandan sis mwa apre enskripsyon

50% nan frè swen santa te pou sèvis pou sante konpòtmantal

Apeprè **twà ka** te gen yon vizit pou sante konpòtmantal san ospitalizasyon e apeprè yon mwatye nan yo te gen premye vizit yo sou 19 jou apre enskripsyon

29% te resevwa tretman sipèvize avèk medikaman



14% te resevwa sèvis pou sante konpòtmantal pou dejidisyarizasyon, sa gen ladan sèvis dezentoksifikasyon toksikomani, estabilizasyon klinik, e reyadaptasyon




Analiz residiv la

Moun BH-JI/CSP-JI te anprizonnen resaman e prezante yon gwo risk pou komèt yon nouvo enfraksyon e pou kondane ankò oubyen anprizonnen ankò. Pou analiz sa, twa evènman residiv te idantifye : enkilpasyon ankò, kondanasyon ankò, e anprizonnen ankò. Yon nouvo akizasyon rive lè yon moun enkilpe ankò apre li te refere bay BH-JI/CSP-JI. Yon nouvo kondanasyon rive lè yon moun kondane pou yon enfraksyon ki te akize apre moun lan te refere bay BH-JI/CSP-JI. Yon nouvo anprizonman rive lè yon moun anprizone pou yon enfraksyon ki te akize apre moun lan te refere bay BH-JI/CSP-JI. Moun BH-JI/CSP-JI te mete an kontak avèk Probation Department Court Activity Record Information (CARI) pou idantifye evènman residivi e dat chak evènman.


Pami 801 moun ki te refere bay BH-JI ant mwa septanm 2019 e mwa mas 2021, to residiv nan de lane yo te : enkilpe ankò, 48.9% ; kondane ankò, 16.7% ; e anprizonnen ankò, 10.1%.

Residiv pami moun BH-JI



Done sou residiv pou 801 moun. Sous : Done CARI depatman libète sou kondisyon

Tip enfraksyon nouvo enkilpasyon nan 1 lane kay moun BH-JI




Done nouvo enkilpasyon pou 637 moun. Sous : Done CARI sou libète sou kondisyon

Analiz sou ovèdòz

Apre 71 pousan nan moun BH-JI/CSP-JI gen yon dyagnostik pou toksikomani e anpil nan risk pou yon ovèdòz mòtèl. Pou analiz sa a, moun BH-JI/CSP-JI te mete an kontak ak rejis eta sivil Massachusetts Department of Public Health (DPH) pou idantifye lanmò ki rive poutèt entoksikasyon nan dwòg e dat respektif lanmò yo.⁶ Done DPH yo prelininè pou lane 2022 e 2023.

Pami 1,524 moun ki te refere bay BH-JI ant mwa septanm 2019 e mwa mas 2022, to yon lane pou lanmò poutèt ovèdòz te 1.6%.

To kimilatif lanmò nan ovèdòz, premye lane apre referans nan BH-JI



Done sou ovèdòz pou 1,524 moun. Sous : Done eta sivil DPH Massachusetts. Done DPH yo prelininè pou lane 2022 e pou lane 2023

Sa moun ki enskri nan BH-JI/CSP-JI yo di



"Sa fè 30 lane depi m nan sistèm lan e **eksperyans mwen gen nan pwogram lan se youn nan pi bon bagay nan lavi m**. Pòtpawòl la trete m oprezan ; pase mwen pa jwe okenn wòl nan sa k ap fèt alèkile. Li wè m kòm yon moun, li wè m kòm yon moun k ap eseye fè mye, e li pa pale sou pase m."

"Lè w tounen lakay ou, sa ki pi enpòtan an m wè se **korije tout pwoblèm sante mantal ou. Ou konnen, pale avèk yon moun, suiv tretman ou bezwen, si w bezwen sa... San èd (navigatè a) li, m ta siman deja vyole lage sou kondisyon an e m ta nan prizon ankò."**

Mwen se yon adikte e tafyatè k ap rekipere. Anvan BH-JI, m te nan prizon san anpil espwa pou fiti m... Jodiya, lavi m trè bon e nwa sou lavni m nan leve. M wè klèman kote m prale... **Li pa kont pou di mèsì ; men m espere tout siksè m montre de moun sa yon [anplwaye BH-JI] e pwogram tankou BH-JI, kòman m vrèman rekonesan**. M espere avèk soutyen kontini pwogram sa yo, y ap ede tout moun ki ap souffri toujou e ki bezwen konsèy e èd pou fè mach avan nan gerizon e nan lavi kotidyen.



Nouvo inisyatif MassHealth

Inisyatif ki annapre la yo ap amelyore aksè nan sèvis pami moun BH-JI/CSP-JI e lòt moun ki nan demeले avèk lajistis.

Politik federal pou eksklizyon prizonye nan Medicaid (federal Medicaid Inmate Exclusion Policy, MIEP) ekskli prizonye pou resevwa sèvis Medicaid. Massachusetts resevwa dènyèman apwobasyon pou sèvis anvan liberasyon nan kad demonstrasyon dewogasyon Massachusetts Medicaid 1115. Depi mizannèv la fèt, l ap founi kouvèti pou sèten sèvis Medicaid pou moun majè e pou jèn moun admisib ki nan dènye 90 jou yo nan yon milye koreksyonèl avan yo libere.

Founisè BH-JI òganize reyinyon rejyonal defwa pa mwa pou mizannèv nan zòn soutyen respektif yo. Antite lajistis, antite swen jere, ajans eta, e lòt founisè e ajans patisipe epi chita pale sou metòd sansibilizasyon, referans, e kowòdinasyon epi pataje mizajou e pwogrè ki fèt.

MassHealth e Massachusetts Probation Services kolabore sou devlopman yon akò ki pèmèt anpil jesyonè pwogram e anplwaye anvan pwosè fòme kòm konseye sètifye pou aplikasyon (Certified Application Counselors, CAC). CAC sa yo ede moun ki nan demeले avèk lajistis fè aplikasyon pou benefis asirans sante, enskri nan plan sante, e kenbe kouvèti asirans.

Ajans/founisè e zòn soutyen yo (konte/konte yo nan MA)

Ajans ki founi toude sèvis BH-JI e CSP-JI :

1. **Advocates, Inc.** (Essex e Middlesex)
2. **Bay State Community Services, Inc.** (Plymouth)
3. **Behavioral Health Network, Inc.** (Hampden)
4. **Center for Human Development** (Berkshire, Hampshire, e Franklin)
5. **Community Counseling of Bristol County, Inc.** (Bristol)
6. **Gavin Foundation, Inc.** (Suffolk)
7. **Gosnold, Inc.** (Barnstable, Dukes e Nantucket)
8. **Open Sky Community Services** (Worcester)
9. **Riverside Community Care, Inc.** (Norfolk)

Founisè CSP-JI :

1. **Community Caring clinic** (Suffolk e Hampden)
2. **Community Health Clinic** (Central MA/Worcester)
3. **Fathers' Uplift** (Suffolk)
4. **High Point Treatment Center** (Bristol)
5. **Steppingstone** (Bristol)
6. **Vinfen** (Middlesex)
7. **Volunteers of America** (Norfolk)

Patizan nan pwogram BH-JI/CSP-JI

Patnè :



forHealth™
CONSULTING at UMass Chan
Medical School

Founisè :



Riverside Community Care
Leading the Way in Behavioral Healthcare & Human Services

Biwo cherif nan Massachusetts :



Definisyon

Istwa sou sanzabri :

Pou rezon deskripsyon moun BH-JI/CSP-JI yo, sa estime kòm pousantaj moun BH-JI/CSP-JI ki gen yon dosye manm MassHealth ki endike yo sanzabri oubyen yon dosye MassHealth sou itilizasyon sèvis avèk yon dyagnostik ki asosye ak sanzabri.

MassHealth Standard :

Yon gwoup kouvèti MassHealth ki ofri bay moun, fanmi, e moun ki gen andikap e ki admisib. Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo sèvis medikal (sèvis pou pasyan ki ospitalize, pa ospitalize, e lòt sèvis medikal), sèvis pou sante mantal e akoutimans, sèvis e soutyen alontèm, sèvis sante lajounen e swen nan fanmi dakèy pou moun majè, e sèvis transpò.

MassHealth CarePlus :

Yon gwoup kouvèti MassHealth ki ofri yon gwo anplè benefis swen sante pou moun majè ki pa admisib pou MassHealth Standard. Gendwa gen kèk limitasyon. Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo sèvis medikal (sèvis pou pasyan ki ospitalize, pa ospitalize, e lòt sèvis medikal), sèvis pou sante mantal e akoutimans, sèvis etablisman ki founi swen enfimye / enfimye, swen adomil, e sèvis transpò.

MassHealth Fee-for-Service :

MassHealth ofri benefis kote se pou peye pou chak sèvis (Fee-for-Service, FFS) oubyen nan plan swen jere. Nan kad FFS la, MassHealth peye founisè an dirèk pou chak sèvis ki kouvri yon manm MassHealth ki admisib resevwa.

Pwoblèm sante mantal :

Pou rezon deskripsyon moun BH-JI/CSP-JI yo, sa estime kòm yon pousantaj moun BH-JI/CSP-JI ki itilize sèvis MassHealth avèk yon dyagnostik pou pwoblèm sante mantal asosye. Egzanp dyagnostik gen nan yo maladi bipolè, maladi deprim majè, maladi estrès apre chòk e maladi mank nan konsantrasyon avèk ipèaktivite.

Andikap grav :

Sa se yon pousantaj estime sou moun BH-JI/CSP-JI ki admisib pou MassHealth poutèt yo pa an mezi pou fè bon jan aktivite rantab poutèt yon enkapasite fizik oubyen mantal ki detèmine medikalman.

Gen plis enfòmasyon sou BH-JI/CSP-JI nan <https://www.mass.gov/bhji>

Pou ransèyman siplemantè, kontakte :

Emilia Dunham,
Direktè pwogram BH-JI
Emilia.E.Dunham@mass.gov

Referans rekòmande :

Gettens, J., London, K., Dupuis, M., Ferreira, E., Luo, C., e Richards, J. (2024). Soutyen MassHealth pou moun nan demeले avèk lajistis (BH-JI e CSP-JI). UMass Chan Medical School, ForHealth Consulting.

Konsepsyon grafik pa Kim Kamins.

Referans :

- ¹ Bronson, J., Stroop, J., Zimmer, S., & Berzofsky, M. (2017). Itilizasyon, akoutimans, e toksikoman pami prizonè eta e moun ki detni, 2007–2009. Depatman lajistis Etazini Damerik.
- ² Bronson, J., & Berzofsky, M. (2017). Endikatè sou pwoblèm sante mantal prizonè e detni siyale, 2011–2012. Biwo statistik lajistis.
- ³ Depatman sante piblik. (2017). Yon evalyasyon sou ovèdòz opyoyid nan Massachusetts (2011–2015).
- ⁴ Aufderheide, D. (2014). Maladi mantal nan prizon Etazini Damerik : Vè yon modèl sekirite piblik/sante piblik. Blog sou zafè sanitè.
- ⁵ Subramanian, R., Delaney, R., Roberts, S., Fishman, N., & McGarry, P. (2015). Pòt devan enkaserasyon : Itilizasyon abizif prizon nan peyi Etazini Damerik. Vera Institute of Justice.
- ⁶ Depatman sante piblik nan Massachusetts. (2023). Rejis eta sivil e statistik. 2023. Ak desè, 2019–2023.